


Lisans Chofè pou Tout Moun



Kounye a, Depatman Veyikil-a-Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) nan Eta New York ap aksepte aplikasyon pou lisans chofè nan men tout rezidan New York, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon! Si ou gen kesyon sou nouveau lwa konsènan lisans chofè a, ou ka rele Liy Dirèk New Americans (Nouvo Ameriken) nan 1-800-566-7636.

Gen plis enfòmasyon sou fason pou aplike disponib nan dmv.ny.gov.

Ki moun ki ka benefisyé?

16
zan oswa
plis

Nenpòt rezidan New York ki gen 16 zan oswa ki pi gran, ka aplike pou yon lisans chofè oswa lisans apranti estanda, ki pa komèsyal, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon.

Ki dokiman yo aksepte?



Yo aksepte plizyè diferan kalite dokiman. Tout moun ki aplike dwe bay dokiman ki vo 6 pwen pou pwouve idantite yo, epi bay prèv dat nesans yo ak kote yo abite. Si w poko janm gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou dwe siyen yon afidavit ki di sa epi pote li ak ou lè w ap aplike.

Men kèk egzanp (**pa yon lis konplè**) dokiman nou aksepte:

Vo 1 Pwen chak	Vo 4 Pwen chak
<ul style="list-style-type: none"> IDNYC Konte kòm prèv kote ou abite tou Kanè oswa Dosye Lekòl Etranje* *2 ak foto sou li Dokiman Taks Konte kòm prèv kote ou abite tou 	<ul style="list-style-type: none"> Kat Idantite Konsilè Konte kòm prèv laj tou Paspò Etranje ki Valid Konte kòm prèv laj tou Lisans Chofè Etranje (Valid oswa Ekspire jiska 24 mwa) Konte kòm prèv laj tou

Amwenske yo di sa byen klè, DMV pa aksepte dokiman ki ekspire.

NYS DMV [se yon zouti sou entènèt la](#) pou ede ou detèmine ki dokiman ou dwe pote pou aplikasyon ou pou yon lisans chofè oswa pèmi apranti. Ale sou dmv.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Ki jan pou mwen aplike?

Lè ou fin sanble dokiman orijinal ou yo, pote yo nan biwo DVM ou chwazi a ak ou. Moun nan biwo DMV a ka ede ou la.

Sonje, si ou potko janm gen yon lisans, w ap bezwen pase yon tès konesans pou jwenn yon pèmi apranti avan. Apresa, ou dwe pratike kondui, pran yon klas avan lisans, epi finalman fè yon tès pratik sou wout la avan w ap ka jwenn yon lisans chofè.

Si ou gen enkyetid konsènan risk pou ou oswa fanmi ou, rele Liy Dirèk New American nan 1-800-566-7636.

Kesyon Moun Poze Souvan

Konbyen lisans chofè/pèmi apranti a ap koute?

- Pri yon lisans chofè varye selon laj moun nan. Pri a varye ant \$64.50 ak \$107.50. Tout konte nan Vil New York yo mande yon frè Distri Transpò Vwayajè Metropoliten tou.
- Veye moun ak biznis malonèt k ap fè ou peye pou w ka jwenn yon lisans chofè oswa pwomèt w ap jwenn yon lisans chofè pi bon mache.
Se sèlman DMV ki ka ba ou yon lisans chofè - pigia ou bay okenn moun lajan, se sèlman DVM pou w peye.
- Si ou gen kesyon sou nouvo lwa konsènan lisans chofè a, oswa si ou gen yon enkyetid konsènan fwod, ou ka rele Liy Dirèk New Americans nan 1-800-566-7636.

Èske otorite federal yo ka fòse gouvènman eta yo bay enfòmasyon sou aplikan yo?

- Nouvo lwa a limite presizeman aksè ajans anfòsman imigrasyon yo nan done DMV epi li entèdi nenpòt moun ki resevwa dosye oswa enfòmasyon DMV pou yo pa itilize done pou anfòsman imigrasyon sivil.
- Nou pwoteje enfòmasyon tankou nimewo sekirite sosyal ou, kote w ap travay, oswa si yon lisans chofè se yon lisans konfòm REAL ID.
- Men, lwa a pèmèt nou pataje enfòmasyon kote yon lòd yon jij egzije sa.
- Pa blyie-nou gendwa pa pwoteje kèk enfòmasyon limite (tankou non ak adrès ou).

Èske pral gen okenn diferans jiridik oswa vizib ant nouvo lisans chofè yo oswa lòt lisans yo?

- Tout moun ki resevwa yon lisans chofè "estanda" pral resevwa menm kat la, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon.
- Lisans chofè "Estanda" yo pral gen yon tèks ki di "Not for Federal Purposes" (Pa pou Rezon Federal), pou fè li klè ou pa ka monte yon avyon, antre nan pwopriyete federal ak li, elatriye.

Èske yon rezidan New York ka jwenn yon lisans konfòm "REAL ID" pou vwayaje nan avyon?

- Non. Lisans konfòm "REAL ID" Eta New York yo mande prèv sèten estati ak imigrasyon. Lwa federal egzije, kòmanse an 2020, lisans chofè eta yo itilize pou anbake nan yon avyon dwe konfòm ak lwa REAL ID a.
- Benefisyè DACA ak TPS yo, ansanm ak lòt imigran nan New York ki gen otorizasyon pou travay oswa ki gen papye imigrasyon, ka aplike pou yon lisans konfòm "REAL ID". Men, lisans sa a ap ekspire lè otorizasyon travay oswa papye imigrasyon an ekspire.

Mwen tande kèk grefye konte deyò Vil New York te goumen kont nouvo lwa a. Èske mwen ka ale nan yon DMV nan Vil New York pou aplike?

- Se eta a ki jere DMV nan senk (5) minisipalite Vil New York yo (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Staten Island, ak Queens) dirèkteman.
- Malgre grefye konte yo pa gen dwa refize bay rezidan ki pa gen papye yo lisans chofè, moun ki pa santi yo alèz pou aplike nan konte pa yo a ka aplike pou yon lisans chofè nan nenpòt konte, ak konte Vil New York yo ladan.
- Pou jwenn yon biwo DMV ki tou pre ou, ale sou dmv.ny.gov/offices

